Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.



# Гумбет

## Гумбет районалъул газета

№ 45 (6625) 5 ноябрь 2018 с. Итни Сафар 1440 с. Багьа 5 гъур.

БАРКИЯЛ

## 4 ноябрь- Халкъалъул цолъиялъул къо

**ХIурматиял районцоял! РакI-ракIалъ баркула ТIолгороссиялъул байрам – Халкъалъул цолъиялъул къо.**

Гьеб байрамалъ ракIалде щвезабула бищунго захIматаб заманалда нилъер гIемермиллатазулаб халкъалъул цолъиялъ захIмалъаби къезаризе, гьелъул эркенлъи ва чияда бачIолъи цIунизе нухал рагъарабльи. Октябралъул революциялъеги, гьелда хадусеб тарихалъеги кинаб кьимат кьолеб бугониги, Россия букIана кIудияб пачалихълъун, гьединаблъун хутIизеги хутIана. ГIемермиллатазулаб Россиялъул халкъалъ кидаго цIунана гIагараб ВатIаналде рокьи. Гьеб байрамалъул мурад буго улкаялъул экономикияб гуч цIикIкIинабиялъе Россиялъул жамгIияб цолъи букIинаби. Божильи загьир гьабула, Россиялъул халкъазгун цадахъ, нилъер Бакълъулазул районалъул гIадамазги ВатIан цебетIезабиялъе гIоло жигараб къеркьей хадубккунги гьабизе букIиналда.

Гьарула киназего щулияб сахлъи. Халатаб гIумру, хIалтIулъ, цIалулъ бергьенлъаби, ракълилаб, роцIараб зоб.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов**

## 10 ноябрь - Россиялъул полициялъул къо

**10 ноябрь ккола Россиялъул Федерациялъул жанисел ишазул органазул хIалтIухъанасул къо.**

ХIурматиял полициялъул хIалтIухъаби ва ветеранал, ракI-ракIалъ баркула нужеда профессионалияб байрам. Нужеца мустахIикъаб бутIа лъолеб буго гIадлу-низам щулалъизабиялъулъ, инсанасе хIинкъи гьечIолъи, парахалъи букIинабиялъулъ. КIудияб жавабчилъиялда хIалтIи гьабула такъсирчилъи дагьлъиялъе, гьеб гьукъиялъе. РакIчIей загьир гьабула районалъул полициялъул хIалтIухъабаз граждаництво даназул закониял ихтиярал цIуниялъул рахъалъ жидерго борч хадубккунги ракIбацIадго ва рухIалда барахщичIого тIубазабизе букIиналда.

Гьарула нужее щулияб сахлъи, рекъел, икъбал, халатаб ва талихIаб гIумру, район, Дагъистан, Россия цебетIеялъе гIоло гьабулеб бигьаяб гуреб нужер хъулухъалъулъ бергьенлъаби.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов**

## «Цогояб Россия» партиялъул хIаракатчилъи, проектал, программаби тIурай...

### Бакълъулазул районалда тIобитIана «Цогояб Россия» ВППялъул бакIалъулаб отделениялъул XXX конференция



**30 октябралда тIобитIана «Цогояб Россия» партиялъул Гумбеталъул отделениялъул XXX конференция.**

Конференциялъул хIалтIулъ гIахьаллъана «Цогояб Россия» ВППялъул регионалияб политсоветалъул президиумалъул член, ДРялъул Халкъияб Собраниялъул председателасул тIоцевесев заместитель СайгидахIмад АхIмадов, «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов, «Цогояб Россия» партиялдасан Халкъияб Собраниялде депутат НурмухIамад ГIалиев, «Цогояб Россия» партиялъул Гумбеталъул бакIалъулаб отделениялъул секретарь МухIамадгIали МухIамадгIалиев ва цогидалги.

Конференция рагьана ва бачана «Цогояб Россия» партиялъул Гумбеталъул бакIалъулаб отделениялъул секретарь МухIамадгIали МухIамадгIалиевас.

Гьоркьор лъуна «Цогояб Россия» партиялъул Гумбеталъул бакIалъулаб отделениялда церечIарал масъалабазул хIакъалъулъ», «Цогояб Россия» партиялъул бакIалъулаб политсовет цIигьабиялъул хIакъалъулъ», «Цогояб Россия» партиялъул Дагъистаналъул регионалияб XXX конференциялде делегатал рищиялъул хIакъалъулъ».

ТIоцебесеб суалалдасан доклад гьабуна «Цогояб Россия» партиялъул бакIалъулаб отделениялъул исполкомалъул нухмалъулев АхIмад Сулаймановас.

«Цогояб Россия» партиялъул хIаракатчилъиялъул, проектазул ва программабазул хIакъалъулъ бицана депутат НурмухIамад ГIалиевас ва цогидазги.

Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас абуна муниципалитеталда гIадамазул яшав лъикIлъизабиялъе хIалтIи гьабулеб, росабалъе газ бачунеб, социалиябгун экономикияб цебетIеялде ралагьарал федералиял, республикаялъулал проектазда ва программабазда гIахьаллъулел ругин.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## Инвалидазе социалиял пакетал, ХIаригабурлъухъ гIансал, налогал ракIариялъул цогояб къо...

### Сахлъи цIуниялъул ва нухазул магIишаталъул суалал гьоркьор лъуна Бакълъулазул районалда

**29 октябралда Бакълъулазул районалъул администрациялда гьоркьор лъуна халкъалъе медицинаялъул хъулухъ гьаби лъикIлъизабиялъул, нухазул магIишаталда цере чIарал масъалабазул хIакъалъулъ ва цогидалги кIвар бугел суалал.**

Данделъиялда гIахьаллъана федералияв, республикаялъулал ва муниципалиял идарабазул хIалтIухъаби, учреждениязул ва гIуцIабазул нухмалъулел.

Данделъи рагьана ва бачана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас.

(Ахир-кIиабилеб гьум.)

НОМЕРАЛДА РУГО:



Байрамги баркана, фильмги бихьизабуна

-2 гьум.



«Ас-салам» газета - лъаялъул, гIелмуялъул, гIакълуялъул, лъикIал тIабигIатазул иццц

-3 гьум.



«Ежевикагун цадахъ Гумбеталда» фильмалъухъ- республикаялъул шапакъат

- 3 гьум.



Рузмай Жанахъаевалъул рагьараб дарсалъе лъикIаб кьимат кьуна

-3 гьум.

# Инвалидазе социалиял пакетал, ХӀаригабурлъухъ гӀансал, налогал ракӀарияллъул цогояб къо...

**(Байбихьи-тӀоцебесеб гьум .)**

Пенсиязул реформаялъул хӀакъалъулъ информациязул кӀалъазе вахъана Россиялъул пенсиязул фондалъул Гумбеталда бугеб отделалъул нухмалъулев ТӀалхӀат Жамалудинов.

Дагъистаналъул МФЦялъул Гумбеталда бугеб филиалалъул нухмалъулев ГӀумар МухӀамадовас бицана пачалихъияб ва муниципалияб хъулухъ гьабеян бачӀараб 132 гӀарза тӀубанин, гьединго бакӀалде щун гӀадамазе хъулухъ гьабунин.

Централияб больницаялъул бетӀерав тохтур МухӀамад СайгидахӀмадовас абуна: «Бакълъулазул районалъул сахлъи цӀуниялъул учреждениязда медикаментал рачӀунгутӀиялъул захӀмалъаби дандчӀвалел гьечӀо. Нижеца заявкаби кьуна бигьалъиялъул къучӀалда медицинаялъул хъулухъ гьабизе кколел инвалидазе социалиял пакетал рачӀинариялъе. Районалда гьединав инвалид 72 вуго. Гьездасан ургьисазда хронический унти бугев 8 чи вуго, гьел дарабаздалъун хьезаризе хӀажалъула лъагӀалие 150 азаргоялдаса цӀикӀкӀун гъурущ. Гьаб соналъул 9 моцӀалъ лъимер хвеялъул цониги хьвайхьвагӀай гьечӀо. ЦРБялде бачӀун буго сезоналъулаб гриппалда данде укол гьабизе 2700 доза. ХӀисабалде босун буго хӀалтӀуда ругезе гриппалда дандечӀараб дару гьабизе. Нижеца гьединго медицинаялъул хъулухъал электронияб къагӀидаялда гьарулел руго», - ян.

БетӀерав тохтурас гьединго борхана флюорографиялъул аппараталъе хехаб куцалда ремонт гьабизе хӀажат букӀиналъул ва цогидалги кӀвар бугел суалал.

Гьуригун гӀазу бан, гӀансал чӀун, ХӀаригабурлъухъ нух чанго сагӀаталъ транспорт хьвадизе бегьуларедухъ хутӀун букӀана. «Гумбетовское ДЭП № 10» ОАОялъул нухмалъулев Малачи Сурхаевас бицана ХӀарисан шагьаранух рагьиялъе хехал тадбирал гьарунин, гӀазул гӀансаздаса нух бацӀцӀад гьабунин. Гьури пун гӀазу байдал нухазул магӀишаталъул къуваталдалъун, нухлулал хвасар гьарунин ва рокъор парахалъанин.

«Гумбетовское ДЭП № 10» ОАО хӀадур буго хасалил шартӀазда хӀалтӀи гӀуцӀиялде. Хасало гӀазу бараб заманалда хъил тӀурал нухазда цӀер къачӀого букӀине ва автоавариязда цӀунизе баччун буго цӀам ва песок. Нухазда хӀалтӀулел машинаби къачӀан руго. Муниципалитеталъул нухал къачӀай, квалквал гьечӀого автотранспорт хьвадилеб хӀалалъ гьел чӀезари лъикӀ гӀуцӀун буго», - ян лъазабуна Малачи Сурхаевас.

Бакълъулазул районалъул бетӀерасул гӀакълучи АхӀмад Сулаймановас бицана «Нусго школа» программа тӀубазаби Гумбеталда кин унеб бугебали ва ЦӀияб Аргъваниб 250 цӀалдохъанасе бакӀ бугеб школа баялъул, гьединго цогидалги проектал гӀумруялде рахьинариялъул бугеб хӀал.

«Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул муниципалиял учреждениязул



централизованияб бухгалтериялъул нухмалъулев ГьайирбегАхӀмадовас бицана Россиялъул Федералияб налоговияб хъулухъалъул ДРялда бугеб районазда гьоркьосеб № 12 инспекциягун цадахъ гӀуцӀабазул ва учреждениязул дебиторлъиялъулал налъаби лъугӀизариялъе гьабураб хӀалтӀул. Хъаравуллъиялъулгун хӀисабалъул палаталъул нухмалъулев Шамил ГӀалиевас баян гьабуна Ингишо гьоркьохъеб школалда ва цогидалги гӀуцӀабазда плановияб хал гьабиял тӀоритӀанин.

Районалъул экономикаялъул, росдал магӀишаталъул, буголъиялъул гьоркьорлъабазул ва ЖКХялъул отделалъул нухмалъулесул заместитель Ибрагьим Ибрагьимовасул баяназда рекьон, планалде босун буго хаселбекь 650 гектаралда бекьизе, гьелдасан рекьун руго хъутабазда 296 гектаралда хаслихъе культураби.

ЧӀиркъатӀа ДЮСШялда ва Хьаргаби районалъул КӀикӀуни росдал спортшколалда гьединго МелъелтӀа ДЮСШялда ва Унсоколо районалъул Шамилхъала поселокалъул спортшколалда гьоркьор тӀоритӀана гьудуллъиялъул къецал. ЦӀияб Аргъвани, ЧӀиркъатӀа, Гьоркь Инхо ва Игъали росабазул спортшколал капиталияб ремонт гьабиялъул программаялда гьоркьоре рачун руго. Спорталда бугеб хӀалалъул бицана лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулесул заместитель НурухӀма МухӀамадовас.

Жанисеб финансовияб хъаравуллъи ва цогидалги хӀалтӀаби гьариялъул баян кьуна районалъул администрациялъул юридическияб отделалъул нухмалъулев Хайрудин Халидовас. Налогал ракӀари лъикӀ гӀуцӀиялъул мурадалда рейдалъулал сапарал гьариялъул бицана экономикаялъул, росдал магӀишаталлъул, буголъиялъул гьоркьорлъабазул ва ЖКХялъул отделалъул нухмалъулев ХӀусен Мутаевас.

Бакълъулазул район гьорлъе ккана мугӀалимзабазул махщел борхизабиялъул рахъалъ цебетӀей бугеб 6 муниципалияб гӀуцӀиялъул сияхӀалде. ДИРОялъ 95 сон тӀубаялъул юбилеялда бакълъулазул вакилзабазе щвана грамотаби ва дипломал. Лъайкьеялда ругел гьел ва цогидал рахъал баян гьабуна лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухӀамадовас. Маданияб учреждениязул ва библиотеказул хӀаракатчилъиялъул хӀакъалъулъ информациягун кӀалъана районалъул культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев ХӀайбула ГӀабдурахӀмановас.

Районалъул администрациялъул бетӀерасул заместитель Малик Маликовас жиндирго кӀалъаялда тӀадчӀей гьабуна терроризмалъул ва экстремизмалъул идеологиялда данде гьабулеб бугеб кьеркьеялда, бицана налогал ракӀарияллъул цогояб къоялъ 280 азарго гъурущ буголъиялъул налог бакӀариялъул, Росреестралъулгун ва цогидал гӀуцӀабазулгун цадахъ рекьон гьабулеб бугеб хӀалтӀул.

Хасалил заманалда рекьон хӀалтӀи гӀуцӀиялде рачӀиналъул, аграрияб бутӀаялда бугеб хӀалалъул хӀакъалъулъ бицана районалъул администрациялъул бетӀерасул заместитель МухӀамад Хъарагишиевас. Гьес гьединго ракӀалде щвезабуна киналго налогал ракӀарияллъул плановияб тӀадкъаял тӀуразаризе ккей. Коррупциялда данде кьеркьеялъул суалазул рахъалъ районалъул бетӀерасул кумекчи НурмухӀамад ГӀизудиновас бицана профильниял программаби хӀадуриялъул ва гьел гӀумруялде рахьинариялъул хӀакъалъулъ. Бакълъулазул районалъул бетӀер ХӀажимурад МухӀамадовас абуна щваралда гӀей гьабун чӀечӀого, магӀишатиял киналго бутӀабазда хӀасилал лъикӀал росиялъе, гӀадамазе хъулухъ гьабиялъул даража борхизабиялъе гӀоло кьеркьезе кколин.

**Информациялъул «Гумбет» гӀуцӀи**

---

БАРКИЯЛ

**ХӀурматиял диналъул вацал ва яцал!**

Баркула нужеда тӀаде щолеб бугеб, жинда жанив хирияв МухӀаммад Аварагас (с.т.гӀ.в.) гьавураб рабигӀул аввал моцӀ.

Мавлидалъул моцӀ МухӀаммад аварагасул (с.т.гӀ.в.) бицун, диналъул, лъикӀал гӀамалазул бицун, мавлидал ахӀун нухда регӀизе Аллагьас хӀал кьеги. Щибаб хъизаналъе гьарула талихӀ-рохел, сахлъи.

**Бакълъулазул районалъул имам Шамил Назиров**

---

# Судебниял приставазул къо

**1997 соналъул 6 ноябралдаса кӀодо гьабулеб буго судебниял приставазул къо. Гьеб къоялъ къабул гьаруна ва къуваталде лъугьана «Судебниял приставазул хӀакъалъулъ» федералиял законал.**

РакӀ-ракӀалъ баркула судебниял приставазда профессионалияб байрам. Гьарула хӀалтӀулъ бергьенлъаби, сахлъи, талихӀ-рохел.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетӀер ХӀажимурад МухӀамадов**

---

АРАЛДА ТАМАНЧА РЕЧӀЧӀАНИ...

# Байрамги баркана, фильмги бихьизабуна

### Халкъалъул цолъиялъул къо бакълъулазги кӀодо гьабуна

**Россиялъул халкъазул гӀадатияб маданияталъул Гумбеталъул централъул залалда кӀодо гьабуна халкъалъул цолъиялъул байрамкъо – 4 ноябрь.**

Гьенире данделъун рукӀана ХӀажимурад МухӀамадов, культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев ХӀайбула ГӀабдурахӀманов, Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъул участковиял уполномоче-



учреждениязул, гӀуцӀабазул хӀалтӀухъаби, росабазул маданиял централ ва библиотекабазул нухмалъулел.

Байрамалда гӀахьаллъана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетӀер ХӀажимурад МухӀамадов, гьесул заместителал МухӀамад Хъарагишиев, Малик Маликов ва цогидалги.

Рохалилаб данделъи рагьилелде бихьизабуна Мордовиялъул культураялъул хӀаракатчӀужу Ежевика Спиркина Гумбеталде ячӀиналъул хӀакъалъулъ районалъул маданияб централъул нухмалъулев Набигула АхӀмадибировас бахъараб гьитӀинаб фильм. Операторас махщалида рахьун руго Ежевика щварал бакӀал, ай ГӀалибег Тахо-Годил цӀаралда бугеб республикаялъулаб музеялъул ЧӀиркъатӀа филиалалде, Лъанлъари росдал ракьалда бугеб цебегосеб сиялде, ЦӀаналъ тӀабигӀияб «холодильникалде», гьезул ахакье, ИчичӀалиса пахъул устарзабазухъе, ЛъаратӀа росулъе гьоболлъухъ гьей щвеялъул хӀакъалъулъ лъугьа-бахъинал.

Данделъи рагьана ва бачана, Россиялъул халкъазул гӀадатияб маданияталъул Гумбеталъул централъул специалист Рапият УхӀумагӀалиевалъ. Халкъалъул цолъиялъул къо баркун кӀалъазе рахьана районалъул бетӀер ниязул нухмалъулев, полициялъул майор УхӀумагӀали Загьидов, лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул ведущий специалист Сурхай Сурхаев.

Данделъиялда бицана Россиялда халкъалъул цолъиялъул къо кӀодо гьабиялъул, гьеб байрамкъолъун чӀезабиялъул тарихалъул, Польшаялъул интервентаздаса Москва эркен гьабураб, Кузьма Мининил ва Дмитрий Пожарскиясул нухмалъиялда Китай - шагьар бахъараб, чияр ракьал рахъулел полякал Россиялдаса рачахъараб XVII гӀасруялдасаго байбихьана гьеб байрамалъул тарих. Пача Алексей Михайловичас 1649 соналъ Указ бахъана 4 ноябрь пачалихъияб байрамкъолъун лъазабизе ва гьеб Россиялда кӀодо гьабуна 1917 соналъул революциялде щвезегӀан. 2005 соналъ Россиялъул президент Владимир Путиница Указ бахъана 4 ноябрь халкъалъул цолъиялъул къолъун чӀезабизе ва кӀодо гьабула щибаб соналъ.

Халкъалъул цолъиялъул къо районалъул цогидал росабалги кӀодо гьабуна культуралъайкьеялъул учреждениязул хӀаракаталдалъун.

**Къурмагъиз ХӀадисова**

ИСЛАМАЛЪ ГЬАВУЛА ИНСАНЛЪУН ИНСАН

# «Ас-салам» газета - лъаялъул, гIелмуялъул, гIакълуялъул, лъикIал тIабигIатазул иццълъун

### Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов дандчIвана рухIиябгун лъайкьеялъул «Ас-салам» газеталъул вакил МухIамаднур Ибрагьимхановгун

**31 октябралда «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов дандчIвана рухIиябгун лъайкьеялъул «Ас-салам» газеталъул вакил МухIамаднур Ибрагьимхановгун.**



«Ас-салам» газеталъе подписка гьабиялъул рахъалъ Бакълъулазул район Дагъистаналъул муниципалитетазда гьоркьоб цебесеб кьерда буго. Экстремизмалъул ва терроризмалъул идеологиялъул зарал гIадамазда бичIчIинабиялъеги районалда гIемераб хIалтIи гIуцIула.

«Ас-салам» газеталъул редколлегиялъул ва гIемеразарилаб аудиториялъул рахъаалдасан, МухIамаднур Ибрагьимхановас Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасе баркала кьуна исламияб газета хъвай лъикI гIуцIиялъул рахъ ккуралъухъ, хIакъикъияб исламалъул тIалабал халкъалда ричIчIинариялде ралагьарал проектал ва программаби гIумруялде рахъинарулел рукIиналъухъ.

«Ас-салам» газета ккола Дагъистаналда рахъулел басмабазда гьоркьоб цIикIкIун тираж бугеблъун. Дица кидаго подписка гьабула ва цIалула гьеб газета. Гумбеталдаги гьеб хъвалезул, цIалулезул, гьелдасан лъайбосулезул къадар цIикIкIунеб буго. Гьеб газеталда рахъула бусурбабазул дунялалъул цIиял харбал, гIалимазул вагIза-насихIатал, газета цIалулезул суалазе гIалимазул жавабал, руччабазе, лъималазе ва цогидазе руго хасал рубрикаби. Инсаниялъе данде кколарел экстремизмалъул ва терроризмалъул идеяби къватIир чIвазарулел макъалаби рахъула. Бакълъулал ахIула лъаялъул, гIелмуялъул, гIакълуялъул, лъикIал тIабигIатазул иццлъун кколеб «Ас-салам» газеталъе подписка гьабизе»,-ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

Бихьизабизе ккола, Гумбеталъул нухмалъулез, муниципалитеталъул имамгун ва цогидалги диниял хIаракатчагIигун цадахъ, гьоркьоса къотIичIеб хIалтIи гьабулеб букIин гIолеб гIелалъе рухIиябгун лъикIаб гIамал-хасияталъул тарбия кьеялъе.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ БЕРГЬЕНЛЪАБИ

# «Ежевикагун цадахъ Гумбеталда» фильмалъухъ – республикаялъул шапакъат

### Регионалияб XVI - абилеб «Нур» конкурсалда бергьана Набигула АхIмадибиров

**31 октябралда Расул ХIамзатовасул цIаралда бугеб Дагъистаналъул миллияб библиотекаялда тIобитIана халкъияб творчестоялъул, фольклоралъул ирсалъул, «Нур» этнографиялъул хIакъалъулъ фильмал рахъиялъул XVI регионалияб конкурсалда КДУялъул информациялъулаб хIаракатчилъиялъул ва культураялъул центразул «Культура-онлайн» республикаялъулаб конкурсалда бергьаразе ва призеразе шапакъатал кьеялъул тадбир.**

Конкурсалъул жюриялъул членал ралагьана улкаялъул батIи-батIиял регионаздаса 30 фильмалъухъ. Бищун лъикIаблъун рикIкIана ва конкурсалъул гран-при щвана Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбеталъул централъул нухмалъулев, Дагъистаналъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан Набигула АхIмадибировасул «Ежевикагун цадахъ Гумбеталда» фильмалъе.

Бергьаразе ва призеразе шапакъатал кьеялъул данделъиялда кIалъазе рахъана Дагъистаналъул культураялъул министрасул заместитель, Республикаялъул халкъияб творчествоялъул рукъалъул директор Марита Мугадова, «Дагъистан» ГТРКялъул директор Салам Хачаев ва цогидалги.

КIалъазе рахъараз тIадегIанаб къимат кьуна «Ежевикагун цадахъ Гумбеталда» фильмалъе, абуна гьеб фильмалда Россиялъул халкъазул маданиял хаслъаби рекъон ккезарун ругилан. Фильмалъул автор Набигула АхIмадибировасе щвана Дагъистаналъул культураялъул Министерствоялъул диплом этнокультуриял гIадатал лъикI загьир гьариялъе гIоло.




Мордовиялдаса этномузыколог, OYME группаялъул кочIохъан Ежевика Спиркиналъ бицана Дагъистаналда жиндирго сапаразул, хасго Гумбеталде гьабураб сапаралъул, муниципалитеталъул культураялъул ва туризмалъул отделгун цадахъ рекъон хIалтIиялъул.

«РакI-ракIалъ баркула регионалияб XVI абилеб «Нур» конкурсалда бергьин! Гран-при щвей, гьалмагъзаби! «Ежевикагун цадахъ Гумбеталда» фильм бахъарав Набигула АхIмадибиров, гьелде гъира - шавкъ бижизабурав гIуцIарухъан МухIамад ГIумардибиров, баркала загьир гьабула дир макъалаялдаса фильмалда пайда босизе ихтияр кьуралъухъ «Это Кавказ» порталалъе. Баркала буго кадрабазда къватIисеб текст хъвараламухъ Владимир Осинскиясул студиялъе ва Nick Orsa звукорежиссерасе»,- ян абуна Ежевика Спиркиналъ.

Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбеталъул централъе «Культура-онлайн» конкурсалда щвана лъабабилеб бакI.

КЬАБУЛЕБ БУГО ЦIУМУР

# Рузмай Жанахъаевалъул рагьараб дарсалъе лъикIаб къимат кьуна

### Бакълъулазул районалъул лъайкьеялъул учреждениязул нухмалъулезул данделъи

**Сахрат МухIамадовасул цIаралда бугеб МелъелтIа аслияб школалда тIобитIана районалъул школазул нухмалъулезул данделъи.**

Гьеб байбихьилелде директорзабазул семинаразул нухмалъулев Игьали гьоркьохъеб школалъул нухмалъулев СагIид МухIамадовас.

Гьениб гьединго районалъул лъайкьеялъул отделалъул



директорзабаз гIахьаллъи гьабуна рагьараб лъабго дарсалда. ЛъикIаб къимат кьуна гIемерал соназ школалда хIалтIарай, хIалбихьи бугей мугIалим Рузмай Жанахъаевалъ кьураб рагьараб дарсалъе. Гьелъ лъай кьолеб лъабабилеб классалъул цIалдохъабаз тIобитIана цIалул гIумруялда хурхараб утренник.

Данделъиялда педагогазул аттестация гьабиялъул цIияб положениялъул хIакъалъулъ ведущий специалист Сурхай Сурхаевас бицана цогоял ва аслиял пачалихъиял экзаменазде хIадурлъиялъул. Олимпиадабазул хIасилазул хIакъалъулъ бицана районалъул лъайкьеялъул отделалъул информационниябгун методичискияб централъул хIалтIухъан Зайид ХIусеновас.

**ГIайшат Исламбиева**

ВРЕМЕНА И ДОРОГИ

# Второй этап профилактической операции «Автобус»

**Согласно приказа МВД по РД № 1359 от 24.10.2018 г. как и на территории Республики Дагестан, на территории Гумбетовского района с 29.10.2018г по 07.11.2018 года проводится второй этап профилактической операции «Автобус».**

Данная операция направлена на выявление и пресечение нарушений правил дорожного движения и обеспечение безопасности перевозок пассажиров автотранспортом, принадлежащим физическим и юридическим лицам.

ОГИБДД ОМВД России по Гумбетовскому району проводит работу по проверке технических средств, осуществляющих перевозки пассажиров, на предмет их технического состояния, наличия разрешительных документов, страховок, путевых листов, прохождения медицинского обследования водителями перед выходом на линию. Также проводится работа, направленная на выявление фактов управления пассажироперевозящим транспортным средством с техническими неисправностями, переоборудованными в нарушение установленных требований, особенно установлению лишних сидений и незаконной установки газового оборудования.

Проводимой работе особое внимание уделяется на выявление нарушений правил перевозки пассажиров, в том числе перевозке детей без специальных удерживающих устройств.

Водителям необходимо знать, что нарушения правил дорожного движения, превышения скоростного режима автотранспортом, занятым в сфере перевозки пассажиров, могут приводить к резонансным дорожно-транспортным происшествиям с тяжкими последствиями, ибо в ваших руках жизнь и здоровье граждан.

**Шамил Мажидов,**
**начальник отдела МВД России по Гумбетовскому району, подполковник полиции**

# О типовых паспортах муниципального проекта

В целях достижения показателя «Доля граждан, использующих механизм получения государственных и муниципальных услуг в электронной форме» не менее 70% к 2018 году, установленного подпунктов «в» пункта 1 Указа Президента РФ от 7 мая 2012 г. № 601 «Об основных направлениях совершенствования системы государственного управления», а также исполнения перечня поручений данных Главой

**(Продолжение - на 4 стр.**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

## О состоянии работы ОГИБДД ОМВД России по Гумбетовскому району за девять месяцев 2018 года

Отделением ОГИБДД ОМВД России по Гумбетовскому району в тесном взаимодействии с другими службами ОМВД и в соответствии с нормативными актами, регламентирующими деятельность ОГИБДД, за девять месяцев 2018 года, проделана определенная работа, направленная на обеспечение БДД и укрепление транспортной дисциплины, защите прав и законных интересов участников дорожного движения.

### Агитация и пропаганда безопасности дорожного движения, организация дорожного движения

Проводится профилактическая работа, по обеспечению безопасности дорожного движения среди населения, по снижению аварийности и соблюдения водителями и пешеходами правил дорожного движения. Провели в дошкольных и образовательных учреждениях, в населенных пунктах с. Килятль, с. Игали, с.Чирката, с. Аргвани, с. Мехельта такие мероприятия как: «Сохрани жизнь детям»; «Светофор»; «Безопасное колесо».

Опубликованы в районной газете «Гумбет» статьи - 9. Также через районные СМИ освещены выступления на заседаниях комиссий по БДД при администрации МР «Гумбетовский район».

Начальник ОГИБДД также принимал участие во многих проводимых отчетах УУП перед населением и выступил по вопросам связанных с автотранспортом.

Также через районные СМИ освещены все операции и рейдовые мероприятия, с отражением реальной работы в населенных пунктах с приложением фотоматериалов, а также со всеми результатами проводимых мероприятий.

### Административная практика

Осуществляя мероприятия по профилактике ДТП и правонарушений в сфере БДД, отделением ГИБДД за девять месяцев 2018 года, выявлено -830 нарушений ПДД (АППГ -611). Для принятия решения по подсудности в мировой суд направлены - 8 материалов, в службу судебных приставов - 417 материала.

Службой ОГИБДД ОМВД России по Гумбетовскому району за девять месяцев 2018 года, рассмотрены 806 административных материала, вместе с поступившими из других ОМВД по городам и районам республики.

### Дорожный надзор

Всего службой ОГИБДД на территории Гумбетовского района осуществляет надзор за 80 км автомобильных дорог республиканского значения, 111 км местного значения и 43 км внутрихозяйственных.

- за анализируемый период проведены обследования автодорог республиканского значения -8 раз, местного значения - 14 раз. По всем выявленным недостаткам руководителям учреждений и организаций выданы всего - 41 предписаний, из них все предписания выполнены в срок.

- проведены проверки УДС и технических средств организации дорожного движения в местах расположения дошкольных и общеобразовательных учреждений, обратив особое внимание на обновление дорожных разметок, пешеходных переходов, установку дорожных знаков 1.23. «Дети».

### Технадзор

Служба ОГИБДД, на территории Гумбетовского района осуществляет надзор за техническим состоянием автотранспорта, закрепленными за госучреждениями.

### Взаимодействие с другими службами ОМВД

Служба ОГИБДД приняла активное участие в проводимых на территории обслуживания профилактических мероприятиях.

**Выводы:**

Вместе с тем имеются серьезные недостатки по организации работы ОГИБДД, такие как:

-недостаточная работа по проведению подворных обходов;

-недостаточная работа по розыску похищенного и угнанного автотранспорта, по выявлению преступлений;

-недостаточная работа по обследованию автодорог республиканского и местного значения.

| Показатели | За девять месяцев 2018 г. | За девять месяцев 2017 г. |
|---|---|---|
| Всего выявлено нарушений ПДД | 830 | 611 |
| Составлено протоколов | 830 | 611 |
| За управление т/с в нетрезвом состоянии | - | - |
| За управление без водит, удост. | 3 | 9 |
| Нарушений правил перевозки пассажиров | 26 | 114 |
| Лишены водительских прав | 10 | 7 |

**Расул Ахкубегов,**
**начальник ОГБДД ОМВД России по Гумбетовскому району, майор полиции**

## О типовых паспортах муниципального проекта

**(Начало-на 3 стр.)**

Республики Дагестан В. А. Васильевым от 13 августа 2018 года (далее - перечень поручений), Министерство информатизации, связи и массовых коммуникаций Республики Дагестан (далее - Министерство) сообщает следующее.

В рамках исполнения перечня поручений Администрациями городских округов и муниципальных районов были утверждены Типовые паспорта муниципального проекта (календарные планы), где пункты 7,8 и 9 направленны на популяризацию получения услуг в электронной форме.

В связи с этим, Министерство направляет электронные материалы по информированию граждан о преимуществах получения услуг в электронной форме с использованием Единого портала государственных и муниципальных услуг:

**http://guides.gosuslugi.ru/repozitoriy**

**https://yadi.sk/cl/ZiFid5_h3PnbLn**

Просим вас использовать данные материалы при проведении разъяснительных работ с заявителями, а также разместить информационные стенды непосредственно в помещениях (местах) ожидания заявителей, вестибюлях, справочных, регистратурах или иных помещениях для приема посетителей. Данную работу необходимо организовать в подведомственных учреждениях (детских садах, общеобразовательных учреждениях, библиотеках и т.д.) и администрациях сельских поселений.

**С. Снегирев,**
**врио министра информатизации, связи и массовых коммуникаций РД**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

## «Гумбет» басма – бакълъулазул тарих

### Подписка - 2019

**Хириял районцоял! Байбихьун буго 2019 соналъе газетал ва журналал хъвазе, гьездаго гьоркьоб нилъерго районалъул «Гумбет» газеталъеги подписка гьабизе.**

Гьеб хъвазе бегьула росабазул почалъул отделенияздасанги, «Гумбет» газеталъул редакциялдасанги. Районалъул гIумру бихьизабулеб матIу ккола райгазета. Гьелдасан нужеда лъала районалъул гIумруялъул, гьелъул цIилъабазул, церечIарал масъалабазул хIакъалъулъ.

ХIурматиял росабазул администрациязул бутIрул, районалъул идарабазул, гIуцIабазул нухмалъулел, газета цIалулел! ХIаракат бахъе цIияб соналъе «Гумбет» газета щивав хIалтIухъанас хъвазе, щибаб коллективалъ редакциялъулгун щулияб бухьен кквезе.

**Газеталъул багьа лъагIалие:**
**Почалдасан – 399,98 гъ.**
**Редакциялдасан – 200 гъ.**
**Бащдаб лъагIалие:**
**Почалдасан – 199,99 гъ.**
**Редакциялдасан-100 гъ.**

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**

ЗИГАРАБИ

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул, культураялъул ва туризмалъул отделалъул коллективаз, гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго, гIемерал соназ районалда культура цебетIеялъе квербакъарав Юсуп Шихамиров Аллагьасул къадаралде щвеялда бан, гьесул гIагарлъиялда.**

**Хварав Алжан насибавлъун ватаги, нахъе ругезе халатаб гIумру кьеги Аллагьас.**

**«Гумбет» газеталъул хIалтIухъабаз, гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго Марям МухIамадовалда, кIодо эбел Майсарат Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.**

**Алжан насиблъаги гьелъие.**

**Бакълъулазул районалъул маданиял учреждениязул ва библиотекабазул хIалтIухъабаз, гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель МухIамад ГIумардибировавда, ункъгIал МагIазат Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.**

**Алжаналъул агьлулъун гьаеги гьей.**

РОСАБИ-РОХХЕНАЛ



Ингишо росу

БетIерав редактор
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагьиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Хадижат Мазгарова,
Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1097
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №___

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.